

BAB III


MÉTODE PANALUNGTIKAN

Métode mangrupa cara atawa prosédur anu digunakeun pikeun ngalakukeun hiji hal. Dumasar kana rumusan masalah jeung udagan anu hayang dihontal, métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif. Panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan anu sipatna déskriptif, data anu dikumpulkeun leuwih loba dina wangun kekecapan atawa gambar tibatan angka-angka (Moléong dina Basrowi & Suwandi, 2008, kc. 187).

Métode kualitatif atawa deskriptif ieu digunakeun pikeun ngadéskripsikeun istilah-istilah dina arsitektur imah adat Kampung Budaya Sindangbarang, Desa Pasir Eurih, Kacamatan Taman Sari, Kabupatén Bogor pikeun bahan pangajaran maca di kelas XII. Garapanana museur kana kumaha wangunan imahna, cara ngadegkeunana, naon waé istilah-istilahna, sarta kumaha implikasina kana bahan pangajaran maca artikel budaya di kelas XII.

3.1 Desain Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan ngagunakeun métode kualitatif atawa déskriptif. Ku kituna, desain panalungtikan dina ieu panalungtikan, nya éta ieu di handap.



Bagan 3.1 Desain Panalungtikan

- 1) Perencanaan
Perencanaan mangrupa léngkah awal dina ngalakukeun panalungtikan. Dina perencanaan eusina ngawengku nangtukeun masalah, ngarumuskeun masalah, ngawatesan masalah, nangtukeun métode jeung teknik panalungtikan, sarta nangtukeun sumber data.
- 2) Ngumpulkeun data
Dina ngumpulkeun data ngawengku téknik observasi, téknik wawancara, téknik dokuméntasi, jeung studi pustaka.
- 3) Ngolah data
Data anu geus dicangking ngaliwatan téhnik observasi, wawancara, dokuméntasi, jeung studi pustaka tuluy diolah sangkan ngahasilkeun hiji kacindekan. Léngkah anu dilaksanakeun dina ngolah data sacara gurat badag, nya éta: a) tahap nyadiakeun data, b) tahap analisis data, jeung c) tahap midangkeun hasil analisis data.
- 4) Nyieun kacindekan
Dina nyieun kacindekan mangrupa nyindekkeun hasil data anu geus diolah.
- 5) Nulis Laporan
Léngkah akhir dina panalungtikan nya éta nulis laporan tina hasil data anu geus diolah, jeung dicindekkeun téa.

3.2 Subjék (Partisipan) jeung Lokasi Panalungtikan

3.2.1 Subjék (Partisipan)

Subjék atawa partisipan dina ieu panalungtikan miboga harti sumber data atawa sumber informasi. Dina ieu panalungtikan digunakeun métode kualitatif. Data anu diperlukeun dina ieu panalungtikan kudu lengkep sangkan ngahasilkeun panalungtikan anu miboga kualitas nu alus.

Arikunto (2013, kc. 21-22) nétélakeun, sumber data dibagi jadi dua, nya éta data primer jeung data sekunder. Data primer nya éta data anu bentukna mangrupa vérbal atawa kekecapan sacara lisan, sedengkeun data sekunder nya éta data anu dicangking tina dokumén-dokumén, foto, film, rekaman vidéo, benda-benda jeung hal-hal lianna anu bisa nambahan data primér.

Kitu ogé anu diébréhkeun Moléong (dina Arikunto, 2013, kc. 22), sumber data panalungtikan kualitatif mangrupa kekecapan lisan atawa tulisan jeung

Ari Dwi Hidayanti, 2015

ISTILAH-ISTILAH DINA ARSITEKTUR IMAH ADAT KAMPUNG BUDAYA SINDANGBARANG DÉSA PASIR EURIH KACAMATAN TAMANSARI KABUPATEN BOGOR PIKEUN BAHAN AJAR MACA ARTIKEL BUDAYA KELAS XII
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

benda-benda nu ditengengetan ku panalungtik sacara detail sangkan kaungkab ma'na jeung data anu hayang dicangkingna.

Dumasar kana tiori di luhur, cindekna anu jadi sumber data atawa subjék (partisispan) dina ieu panalungtikan dibagi jadi dua, nya éta jalma atawa manusa jeung barang. Sumber data anu mangrupa jalma atawa manusa nya éta informan-informan anu aya pakaitna jeung Kampung Budaya Sindangbarang, sarta informan anu dipercaya jeung nu apal kana arsitéktur imah adat Kampung Budaya Sindangbarang. Kadua, anu jadi sumber data barang nya éta mangrupa benda-benda atawa dokumén-dokumén nu aya pakaitna jeung arsitéktur imah adat Kampung Budaya Sindangbarang. Benda-benda éta nya éta imah adatna sorangan, sarta dokumén-dokumén nu dimaksud nya éta mangrupa foto-foto, jeung rekaman anu eusina mangrupa hasil wawancara.

Anu dijadikeun informan dina ieu panalungtikan nya éta jalma atawa manusa anu aya pakaitna jeung Kampung Budaya Sindangbarang. Éta informan téh jumlahna aya tilu, di antarana Ahmad Mikami Sumawijaya (44 taun), Ukat Sukatna (54 taun), jeung Suryadi Fallah (45 taun).

3.2.2 Lokasi Panalungtikan

3.2.2.1 Letak Géografis Désa Pasir Eurih

Lokasi ieu panalungtikan nya éta di Désa Pasir Eurih anu perenahna di Rt.02/Rw.08, Kacamatan Tamansari, Kabupatén Bogor. Désa Pasir Eurih nya éta salasahiji désa di Kacamatan Tamansari anu lega wilayahna kurang leuwih 285.394 km². Wates administratif pamaréntahan Désa Pasir Eurih Kacamatan Tamansari, nya éta:

- Beulah kulon : Désa Parakan., Kacamatan Ciomas
- Beulah kalér : Désa Sirnagalih
- Beulah wétan : Désa Tamansari
- Beulah kidul : Désa Sukaresmi

Désa Pasir Eurih dibagi jadi opat Dusun, 14 Rukun Warga (RW) jeung 57 Rukun Tetangga (RT). Sacara umum, kaayaan topografi Désa Pasir Eurih nya éta mangrupa daérah daratan, jeung sabagian leutik nya éta pasir (*perbukitan*) anu

jangkungna antara 500 – 700 méter (dpl). Suhuna ogé rata-rata 27,5°C, sarta kamiringan antara 25°-35°.

3.2.2.2 Kondisi Sosial Budaya

Kondisi Sosial Budaya Désa Pasir Eurih ngawengku *kependudukan*, atikan, jeung pakasaban.

1) *Kependudukan/Démografi*

Jumlah penduduk Désa Pasir Eurih nya éta 11.393 urang. Jumlah lalaki aya 5.900 urang, sedengkeun jumlah awéwé aya 5.493 urang.

Tabel 3.1

Jumlah Penduduk Désa Pasir Eurih

Lalaki	Awéwé	Jumlah
1	2	3
5.900	5.493	11.393

Sumber : Data Desa Pasir Eurih tahun 2014

Sangkan leuwih écés, jumlah penduduk dipasing-pasing dumasar umur, ti umur 0 taun nepi ka 60 taun ka luhur. Sacara rinci bisa katitén tina data di handap.

Tabel 3.2

Struktur Umur Penduduk Désa Pasir Eurih

No	Struktur Umur	Lalaki	Awéwé	Jumlah
1	2	3	4	5
1	0-4	916	829	1.745
2	5-9	587	507	1.094
3	10-14	553	531	1.084
4	15-19	560	488	1.048
5	20-24	541	510	1.051
6	25-29	441	422	863
7	30-34	501	439	940
8	35-39	465	406	871
9	40-44	376	376	742
10	45-49	303	302	604
11	50-54	209	245	454
12	55-59	219	218	437
13	60 taun ka luhur	200	214	414

Ari Dwi Hidayanti, 2015

ISTILAH-ISTILAH DINA ARSITÉKTUR IMAH ADAT KAMPUNG BUDAYA SINDANGBARANG DÉSA PASIR EURIH KACAMATAN TAMANSARI KABUPATEN BOGOR PIKEUN BAHAN AJAR MACA ARTIKEL BUDAYA KELAS XII Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Jumlah	5.900	5.493	11.393
--------	-------	-------	--------

Sumber : Data Desa Pasir Eurih tahun 2014

2) Atikan

Atikan masarakat Désa Pasir Eurih lolobana lulusan SD. Éta hal bisa katitén tina data di handap.

Tabel 3.3
Tingkat Pendidikan

No	Tingkat Pendidikan Penduduk	Jumlah
1	2	3
1	Henteu Tamat SD	577
2	Tamat SD	3.233
3	Tamat SLTP	3.066
4	Tamat SLTA	1.405
5	Tamat Akademi	168
6	Tamat Perguruan Tinggi/Sarjana	87

Sumber : Data Desa Pasir Eurih tahun 2014

3) Pakasaban

Pakasaban masarakat Désa Pasir Eurih, Kacamatan Tamansari, nya éta karyawan swasta 667 urang, patani 610 urang, jeung pangrajin sapatu 340 urang. Sangkan leuwih écés, data di handap mangrupa rupa-rupa pakasaban masarakat Désa Pasir Eurih.

Tabel 3.4
Pakasaban Masarakat Désa Pasir Eurih

No	Pakasaban	Jumlah
1	2	3
1	Karyawan Swasta	667
2	Patani	610
3	Pangrajin Sapatu	340
4	Buruh	329
5	Patukangan	313
6	Padagang	312
7	Supir	156
8	PNS	67
9	Ojég	56
10	Wiraswasta	46

Ari Dwi Hidayanti, 2015

ISTILAH-ISTILAH DINA ARSITÉKTUR IMAH ADAT KAMPUNG BUDAYA SINDANGBARANG DÉSA PASIR EURIH
KACAMATAN TAMANSARI KABUPATEN BOGOR PIKEUN BAHAN AJAR MACA ARTIKEL BUDAYA KELAS XII
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

11	Pensiunan	14
12	TNI/Polri	7


Sumber : Data Desa Pasir Eurih tahun 2014

4) Basa jeung Agama

Basa anu digunakeun ku masarakat Désa Pasir Eurih pikeun komunikasi sapopoé nya éta basa Sunda. Basa Sunda anu digunakeun biasana basa Sunda sedeng. Tapi aya ogé sababaraha penduduk anu ngagunakeun basa Indonésia pikeun komunikasi. Anu ngagunakeun basa Indonésia nya éta sababaraha masarakat anu lain penduduk asli Désa Pasir Eurih. Salian ti éta, agama anu diagem ku masarakat Désa Pasir Eurih mayoritas Islam. Éta hal katitén tina ayana sababaraha masjid di lingkungan Désa Pasir Eurih.

3.2.2.3 Peta Désa Pasir Eurih

Désa Pasir Eurih aya opat Dusun, 14 Rukun Warga (RW) jeung 57 Rukun Tetangga (RT). Lokasi anu dijadikeun tempat panalungtikan (Kampung Budaya Sindangbarang) nya éta ayana di Rt.02/Rw.08. Sangkan leuwih écés, di handap ieu mangrupa peta Désa Pasir Eurih, Kacamatan Tamansari, Kabupatén Bogor.



Gambar 3.1 Peta Lokasi Panalungtikan

3.3 Ngumpulkeun Data

3.3.1 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta alat atawa pasilitas anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan prosés panalungtikan leuwih gampang dipigawé jeung leuwih alus hasilna. Variasi jenis instrumén panalungtikan bisa mangrupa: angké, padoman wawancara, jeung padoman pengamatan (Arikunto, 2013, kc. 203). Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta pedoman wawancara. Dina pedoman wawancara, eusina mangrupa pertanyaan-pertanyaan anu digunakeun pikeun nyangking data ngeunaan arsitektur imah adat Kampung Budaya Sindangbarang sacara teleb, di antarana ieu di handap.

Tabel 3.5

Pedoman Wawancara

Ari Dwi Hidayanti, 2015

ISTILAH-ISTILAH DINA ARSITEKTUR IMAH ADAT KAMPUNG BUDAYA SINDANGBARANG DÉSA PASIR EURIH KACAMATAN TAMANSARI KABUPATEN BOGOR PIKEUN BAHAN AJAR MACA ARTIKEL BUDAYA KELAS XII Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

BIODATA INFROMAN	
Wasta	:
Tempat/Ping Gumelar	:
Padumukan	:
Pakasaban	:
Agama	:
Atikan	:
Pertanyaan	
1.	Kumaha sajarah Kampung Budaya Sindangbarang?
2.	Naon tujuan diwangunna Kampung Budaya Sindangbarang?
3.	Aya sabaraha wangunan imah di Kampung Budaya Sindangbarang?
4.	Naon waé ngaran-ngaran wangunan imah di Kampung Budaya Sindangbarang?
5.	Kumaha bentuk adegan imah di Kampung Budaya Sindangbarang?
6.	Kumaha bentuk suhunan imah di Kampung Budaya Sindangbarang?
7.	Naon harti jeung ajén falsafah dina suhunan imah di Kampung Budaya Sindangbarang?
8.	Naon waé pungsi-pungsi wangunan imah di Kampung Budaya Sindangbarang?
9.	Hiasan naon waé anu digunakeun dina wangunan imah Kampung Budaya
10.	Naon pungsi jeung harti dina éta hiasan téh?
11.	Kumaha cara ngadegkeun imah di Kampung Budaya Sindangbarang?
12.	Ritual naon waé anu dilakukeun dina ngadegkeun imah?
13.	Hal-hal atawa sarat-sarat naon waé anu kudu disadiakeun dina ritual ngadegkeun imah?
14.	Pakakas naon waé anu digunakeun dina ngadegkeun imah?
15.	Naon waé istilah-istilah anu aya dina arsitéktur imah adat Kampung Budaya Sindangbarang?

3.3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Ari Dwi Hidayanti, 2015

ISTILAH-ISTILAH DINA ARSITÉKTUR IMAH ADAT KAMPUNG BUDAYA SINDANGBARANG DÉSA PASIR EURIH KACAMATAN TAMANSARI KABUPATEN BOGOR PIKEUN BAHAN AJAR MACA ARTIKEL BUDAYA KELAS XII Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Téhnik ngumpulkeun data nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta téhnik observasi, téhnik wawancara, jeung dokuméntasi.

1) Observasi

Dina harti psikologik, observasi atawa anu disebut ogé *pengamatan* (nengetan), ngawengku kagiatan anu museurkeun panitén kana hiji objék ku cara ngagunakeun sakabéh alat indra (Arikunto, 2013, kc. 199).

2) Wawancara

Wawancara nya éta paguneman anu miboga maksud nu tangtu. Éta paguneman dilakukeun ku dua pihak, nya éta nu ngawawancara (*interviewer*) salaku nu ngajukeun pertanyaan, jeung nu diwawancara (*interviewee*) (Moleong, 2011, kc. 186).

3) Dokuméntasi

Dokuméntasi, asalna tina kecap dokuméntasi anu hartina barang-barang tinulis. Dina ngalaksanakeun métode dokuméntasi, panalungtik nengetan benda-benda tinulis saperti buku-buku, majalah, dokumén, catetan jsb (Arikunto, 2013, kc. 201).

3.4 Analisis Data

Data-data anu geus dicangking tuluy dianalisis. Nurutkeun Seiddel (dina Moleong, 2011, kc. 248), runtuyan analisis data kualitatif ngawengku:

- 1) Nyatet kajadian atawa peristiwa anu aya di lapangan. Éta catetan téh dikodean sangkan gampang dina néangan sumber datana.
- 2) Ngumpulkeun data, milih data, nyieun klasifikasi data, nyieun sintésis data, nyieun ringkesan, sarta nyieun indéks.
- 3) Kagiatan mikir, néangan cara sangkan kategori data nu geus aya miboga ma'na. Éta kagiatan bisa mangrupa néangan pola hubungan-hubungan, sarta nyieun *temuan-temuan* umum.